

# ДЕНЬ ПОБЕДЫ НА ВСЕХ ЯЗЫКАХ

ОСЕТИНСКИЙ ЯЗЫК

## УÆЛАХИЗЫ БОН

Мамыкъаты Хъазыбеджы тæлмац, Перевел Казбек Мамукае

Рухс Уæлахиз, о куыд дард нæм уыд, куыд тынг,
Раст, цыма, фæнычы бамынæг и зынг.
Сыгъд фæндæгтыл размæ, размæ уыд нæ каст, –
Кодтам уыцы бон уæхски-уæхскæй æввахс.

Уыцы Рухс Уæлахиз – Хъусхостæф, фæсус.
Уаз бæрæгбон, Фæлæ къæмисæнтæ – урс.
Уыцы уаз цин, – Уый цæссыгæхсад у – рухс.
Рухс Уæлахиз! Рухс Уæлахиз! Рухс Уæлахиз!

‘Хсæвæй-бонæй сыгъд мартенты риуы арт,
Фыдыбæстæн не ‘сси иу æрцъынд фадат.
‘Хсæвæй-бонæй карз тох амадтам ныфсхаст, –
Кодтам уыцы бон уæхски-уæхскæй æввахс.

Уыцы Рухс Уæлахиз – Хъусхостæф, фæсус.
Уаз бæрæгбон, Фæлæ къæмисæнтæ – урс.
Уыцы уаз цин, – Уый цæссыгæхсад у – рухс.
Рухс Уæлахиз! Рухс Уæлахиз! Рухс Уæлахиз!

Байрай, гыцци, не ‘ппæт не ‘рцыдыстæм мах...
‘Ртæхдзаст нæууыл ма бæгъæввадæй ыстæх!
‘Рдæг Европæ, зæххы ‘мбис – нæ къахæй барст,
Кодтам уыцы бон уæхски-уæхскæй æввахс.

Уыцы Рухс Уæлахиз – Хъусхостæф, фæсус.
Уаз бæрæгбон, Фæлæ къæмисæнтæ – урс.
Уыцы уаз цин, – Уый цæссыгæхсад у – рухс.
Рухс Уæлахиз! Рухс Уæлахиз! Рухс Уæлахиз!

Уыцы Рухс Уæлахиз – Хъусхостæф, фæсус.
Уаз бæрæгбон, Фæлæ къæмисæнтæ – урс.
Уыцы уаз цин, – Уый цæссыгæхсад у – рухс.
Рухс Уæлахиз! Рухс Уæлахиз! Рухс Уæлахиз!